

مختصر شرح ألفاظ الأذان (الجمعية)

Pfupiso yetsananguro yemazwi

eAdhaan

Pfupiso yetsananguro yemazwi eAdhaan

Dare rezvedzidzo resangano rekushandira zvinyorwa zvechislam mumitauro yakasiyana-siyana.

Tsananguro yeMazwi eAdhaan

Dare rezvedzidzo resangano rekushandira zvidzizo zveIslam mumitauro yakasiyana-siyana.

Adhaan ishevedzo yakabva kuna Allah (Mwari) inonzwiwa nemuMuslim kashanu pazuva, inomuyeuchidza hukuru hwaAllah (Mwari), uye inomudaidza kune zvakanaka nebudiriro. Inguva yekutaurirana pakati pemunhu neMusiki wake, apo anozvibvisa kubva muruzha rwenyika kuti amire achinyengetera kuna Tenzi wake.

Adhaan inotakura zvirevo zvepamusoro zvinotanga nekukudza Allah (Mwari) uye zvinoguma nekudaidza kuSwalaah, apo muMuslim anowana runyararo rwake.

Mazwi eAdhaan:

Allahu Akbar Allahu Akbar, Allahu Akbar Allahu Akbar

(Allah ndivo vakurusa Allah ndivo vakurusa, Allah ndivo vakurusa Allah ndivo vakurusa)

"Allahu Akbar" "Allah ndivo vakurusa."

Zita rine hukuru rekuti: "Allah" rinoreva kuti: "anonamatwa", kureva uyo anokodzera kunamatwa, uye ndiro zita raTenzi Musiki, vane hukuru, uye mazita ose eHumwari anotevera zita iri

uye achiritsanangura, uye Allah (Mwari) ndivo Mumwechete, vari vega, avo vasina kubereka uye vasina kuberekwa, uye ndivo Musiki wematenga nenyika.

Uye kutaure kwekuti "Allahu Akbar", zvinoreva kuti Allah (Mwari) ndivo mukuru pane zvese, uye vakakwirira zvikuru pane kubatanidzwa nezvisingakodzeri pahukuru hwavo nekukwana kwavo.

"Allahu Akbar" "Allah ndivo vakurusa".. Mashoko aya anoyeuchidza muMuslim kuti hapana chinhu muhupenyu huno chinofanira kumutsausa kubva paMusiki wake, uye kuti munhu anofanira kurarama hupenyu hwake zvichienderana nekuda kwaAllah (Mwari) nemutemo wavo, kwete zvichienderana nezvishuwo zvake nezvido zvake, nekuti Allah (Mwari) ndivo vakurusa kudarika zvese zviri panyika.

Ash-hadu an laa ilaaha illallah (Ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari) .)

Ash-hadu an laa ilaaha illallah (Ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah.)

Uhu ndihwo huchapupu hwekutanga, uye zvinoreva kubvuma kuna Allah (Mwari) kuti ndivo Musiki wezvese, uye Tenzi wazvo, neMuridzi wazvo, neMurongi wazvo, uye kuti ndivo vanofanirwa kunamatwa vari vega pasina zvese

zvisiri ivo, uye kuti hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari) vari vega, uye kuti ndivo vamwechete havana mubatsiri, uye havana mwana, uye hakuna chinhu chakafanana navo; saka kunamata hakuitirwe chimwe chinhu kunze kwaAllah (Mwari), uye hakudaniwi (kuita du'a) chimwe chinhu kunze kwaAllah .(Mwari)

Uye kupupura uku ndiko kupupura kukuru kupfuura kwese kuriko, uye ndihwo hwaro hwekutenda mudzidziso dzese dzakabva kuna Allah (Mwari), saka Vaporofita vese, rugare ngaruve pavari, vakaita saNuh, Abraham, Musa nalsa kusvika kuna Muhammad, rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari, vakadaidza vanhu vavo kuti vabvume, vatambire nekutenda kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah , uye ndiro shoko rakaita kuti Allah (Mwari) vasike zvisikwa, uye vakatuma Vatumwa dzikisa Magwaro kuti arijekese, uye vakaita kuti Denga rive mubairo kune uyo anouya naro pachokwadi kubva pamoyo pake.

Nekuda kweshoko iri vanhu vachamutswa kubva mumakuva avo, uye vachatongwa paZuva reKutongwa; saka ani naani achararama achiritevedzera uye achigumisa hupenyu hwake naro zvirokwazvo anobudirira nekubudirira kukuru, uye ani naani achariramba asingaritauri anokodzera kugara muMoto weGehena nekusingaperi.

Ash-hadu anna Muhammadan Rasulullah, Ash-hadu anna Muhammadan Rasulullah (Ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah (Mwari), kuti Muhammad Mutumwa waAllah.)

Ash-hadu anna Muhammadan Rasulullah (Ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah.)

Zvinoreva huchapupu uhwu ndezvekuti muMuslim apupure kuti Allah (Mwari) vakatuma Muhammad sewekupedzisira kuunza mashoko aAllah (Mwari), uye semuparidzi kuvanhu wemashoko aTenzi vavo kwavari, uye kuti muMuslim ave nekutenda kwakasimba kwekuti hapana nzira yekunamata Allah (Mwari) nekuwana kufarirwa navo kunze kwekupupura kutumwa kweMutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari), nekuvatevera nekutevera muenzaniso wavo, uye kunamata Allah (Mwari) nenzira yakaparidzwa neMutumwa Muhammad (rugare nemakomborero aAllah ngazvive pavari).

Uye kupupura uku kunosanganisira kuti Mutumwa (rugare nemakomborero aAllah ngazvive kwaari) akauya kuzodzose vanhu kuhumwechete hwaAllah (Mwari), sezvakaitwa nevakamutangira Abraham, Musa naIsa (Rugare ngaruve kwavari). Saka iye Mutumwa waTenzi wezvisikwa zvose, akafamba mugwara rakafambwa naro nevaporofita vose mukuparidza

kwavo mashoko aTenzi vavo, kunze kwekuti hapana muprofita mushure make.

Hayya 'ala asw-swalaah (Huyai kumunamato {Swalah}), Hayya 'ala asw-swalaah (Huyai kumunamato {Swalah})

Hayya 'ala asw-swalaah (Huyai kumunamato {Swalah})

Zvinoreva chirevo ichi: Veduwe-e Imi vatendi, huyai kuzonamata Tenzi venyu, nekuti ivo vane ruregerero, vane tsitsi, vanotambira kutendeuka, uye vanoregerera mabasa akaipa.

Ndiko kudanidzirwa neyeuchidzo kuvatendi yekuti nguva yavo yekumira pamberi paTenzi vavo pamunamato (Swalaah) yasvika.

Hayya 'alal falaah (Huyai kubudiriro), Hayya 'alal falaah (Huyai kubudiriro)

Hayya 'alal falaah (Huyai kubudiriro)

Budiriro zvinoreva mufaro, kubudirira, kuchengetedzeka, nekununurwa munyika muno nemuhupenyu huchatevera.

Uyezve zvinoreva kuwana mufaro waAllah (Mwari), nekubudirira mukuwana Jannah (Paradhisu), nekununurwa kubva kuMoto; nokuti uyo anotenda uye onamata zvirokwazvo anobudirira, uye uyo anobudirira zvirokwazvo anonunurwa uye anobudirira nekugara kusingaperi muJannah (Paradhisu).

Allahu Akbar Allahu Akbar, Laa ilaaha illallahu (Allah ndivo vakurusa Allah ndivo vakurusa,

hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari))

Kupedzisa neTakbiir neTawhiid

Adhan inopedziswa nekudzokorora mutsara wekuti "Allahu Akbar" "Allah ndivo vakurusa", uye nekutsinhira kuti (Laa ilaha illa Allah) Hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari), uye mitsara miviri iyi inotsinhira zvinoreva zviru mumashure, uye pairi ndipo pane hwaro hwekuvapo kwevanhu. Chokwadi ichi hachishanduki kana kuchinja kunyangwe nguva ikareba zvakadini, uye kunyangwe zviitiko zvichitevedzana, chokwadi chinoti Allah (Mwari) ndivo vakurusa kupfuura zvinhu zvese, uye kuti Allah ndivo Mwari wechokwadi, uye kuti ndivo vakakodzera kunamatwa vari voga, uye kuti kunamata chero chimwe chisiri ivo hakuna maturo.

Mukupedzisa: Adhaan haingori shevedzo yeSwalaah chete, asi ishevedzo yekumufaro, kukunda nekubudirira, ishoko rinodzokororwa mumaMasjid kashanu pazuva, kuti rimutse moyo; nekutiyeuchidza kuti Allah (Mwari) vari padyo.

Vhura moyo wako kugamuchira kutenda, uye otaura kuti: "Ash-hadu an lā ilāha illāllāh, wa ash-hadu anna Muḥammadan rasūlullāh (Ndinopupura kuti hapana chakakodzera kunamatwa kunze kwaAllah (Mwari), uye ndinopupura kuti Muhammad Mutumwa waAllah)", unobva wapinda mutsitsi dzaAllah (Mwari), ugokunda nekuwana

rufaro pano panyika (Dunyā), neruponeso
kuhupenyu hunotevera (Ākhirah), uye
uchamutswa pazuva rokutongwa (Qiyāmah)
muboka revatendi.

الفهرس

Pfupiso yetsananguro yemazwi eAdhaan	2
Tsananguro yeMazwi eAdhaan.....	2

sn504v1.1 - 06/09/2026